

TRAVÈSE LARI AK PREKOSYON GADE TOUT KOTE AVAN W TRAVÈSE



PREKOSYON POU PYETON

RETE VIJILAN

- Ouvè je w ouvè zòrèy ou
- Sispann aktivite k ap distrè w (tèks, pale nan selilè, oubyen ap tande nan kònè)

PRAN PREKOSYON LÈ W AP TRAVÈSE LARI

- Respekte tout pano trafik yo epi travèse lari nan kote ki fèt pou sa
- Sèvi ak bouton ki sou poto yo ki fèt pou pyeton yo
- Lè w ap travèse nan kare pou pyeton yo, toujou gade adwat agoch, epi travèse sèlman lè w wè pa gen trafik okenn kote
- Mache—pa kouri—nan lari a

FÈ YON JAN POU CHOFÈ A WÈ WOU

- Gade chofè a nan je
- Pa mete pye w nan lari a toutotan chofè a poko wè w
- Pa kanpe nan pwent kanivo a si w pap

travèse lari a

MACHE SOU BÒ KOTE TRAFIK LA AP VIN ANFAS OU

- Si pa gen yon kanivo, mache agoch nèt sou bò lari a, pandan trafik la anfas ou

RESPEKTE SIYAL YO

- Yon limyè vèt ouswa yon siyal blanch ki di w mèt mache = se tou pa w pou w travèse, men tcheke trafik la anvan
- Yon men wouj k ap limen etenn = pa gen pwoblèm pou w travèse si w kòmanse travèse
- Yon men wouj ki pap limen etenn = fòk ou tann pou w travèse

DWAD PASAJ

- Si w gen dwad pasaj sa pa vle di ou kab kouri travèse devan machin k ap vini, kote chofè gen dwa pa gen tan wè w pou yo rete
- Tcheke trafik la anvan ou desann kanivo a, epi kontinye veye machin pandan w ap mache

KONDI AK PREKOSYON

GADE TOUT KOTE ANVAN OU DERAPE



PREKOSYON POU CHOFÈ

RETE VIJILAN

- Ouvè je w ouvè zòrèy ou
- Sispann aktivite k ap distrè w (tèks, pale nan selilè, oubyen ap tande nan kònè)
- Se tout tan pou w ap veye pyeton tout kote. Prevansyon nan trafik se responsablite tout moun

KONDUI AK PREKOSYON

- Bay pyeton ki nan kafou yo pase anvan
- Se pou w kanpe nèt lè gen pyeton k ap travèse oubyen ki ap prepare yo pou travèse
- Pa janm pase devan yon otomobil ki rete oubyen k ap ralanti nan yon kafou

FÈ YON JAN POU PYETON AN WÈ WOU

- Tann pyeton yo fin travèse omwen yon liny apre liny pa w la avan ou kontinye sou wout ou

RESPEKTE SIYAL YO

- Respekte limit vitès la, espesyalman nan zòn lekòl yo
- Yon limyè vèt = se tou pa w pou w pase, men veye pou wè si pa gen pyeton anvan
- Yon limyè jòn = prepare w pou w rete
- Yon men wouj ki pap limen etenn = ou fèt pou w kanpe sèk

VEYE • VIJILANS • FÈ PYETON YO WÈ W